

Lampiran 1

## **INSTRUMEN PENELITIAN**

Judul Skripsi:

***“Motivasi dan Konsep Diri Pelaku Konversi Agama di Kabupaten Tulungagung”.***

Rumusan Masalah:

1. Bagaimana gambaran motivasi orang yang melakukan konversi agama di Kabupaten Tulungagung?
2. Apa saja faktor-faktor yang mempengaruhi perilaku konversi agama di Kabupaten Tulungagung?
3. Apa dampak dari perilaku konversi agama di Kabupaten Tulungagung?
4. Dan Bagaimana gambaran konsep diri orang yang melakukan konversi agama di Kabupaten Tulungagung?

### **GUIDE WAWANCARA TERSTRUKTUR**

Berikut ini akan peneliti paparkan guide wawancara kepada Subyek penelitian Skripsi dengan judul *Motivasi dan Konsep diri pelaku Konversi Agama di Kabupaten Tulungagung*. Pada pedoman wawancara ini masih dimungkinkan adanya inquiri pertanyaan yang muncul dari peneliti apabila dianggap perlu untuk ditanyakan kembali.

A. Pedoman wawancara kepada Subyek:

1. Saya mendengar jika Bapak/Ibu pernah pindah agama, apakah benar demikian,? tolong ceritakan kepada Saya Pak?/Bu bagaimana kejadian itu!
2. Apakah Bapak/Ibu masih ingat kira-kira sejak kapankah atau pada usia berapakah Bapak/Ibu berpindah agama? coba ibu uraikan kepada Saya!
3. Bisakah Bapak/Ibu bercerita kepada Saya bagaimana cara atau proses Bapak/ibu berpindah agama?
4. Saya ingin Ibu/Bapak menguraikan kepada saya kira-kira apa saja faktor-faktor yang membuat Bapak/Ibu bisa melakukan pindah agama!
5. Jika orang lain bertanya alasan Bapak/Ibu melakukan pindah agama, bagaimana Bapak/Ibu dalam menjawab pertanyaan mereka?
6. Bagaimanakah pendapat Bapak/Ibu sendiri tentang agama yang Bapak/Ibu anut dulu dan agama yang Bapak/Ibu anut sekarang, tolong uraikan kepada Saya!
7. Kemudian darimana sajakah Bapak/Ibu mendapatkan informasi dan pengetahuan tentang agama yang Bapak/Anut sekarang? Dan bagaimana Bapak/Ibu mempelajari Agama yang Bapak/Ibu anut sekarang?
8. Dalam pandangan Bapak/Ibu sendiri bagaimana bila Bapak/Ibu pada waktu itu tidak melakukan pindah agama, menurut Bapak/Ibu kira-kira bagaimana Pak/Buk?
9. Sejauh yang Bapak/Ibu ketahui siapa sajakah yang paling mendukung dan yang paling menolak jika Bapak/Ibu berpindah agama? tolong uraikan kepada Saya!

10. Selama yang Bapak/Ibu rasakan bagaimana Pak/Buk perasaan Bapak/Ibu sebelum dan sesudah melakukan pindah agama, Saya ingin Bapak/Ibu bercerita kepada Saya!
11. Lalu Apakah Bapak/Ibu bersyukur dengan kehidupan Bapak/Ibu yang sekarang, bagaimana dengan kehidupan Bapak/Ibu yang dulu ?
12. Kira-kira bisakah Bapak/Ibu bercerita kepada Saya , perubahan apa sajakah yang paling Bapak/Ibu rasakan setelah pindah agama?
13. Menurut Bapak/Ibu Bagaimanakah cara Bapak/Ibu berpenampian sebelum dan sesudah Bapak/Ibu melakukan pindah agama?
14. Kemudian bagaimana cara Bapak/ibu menjalin hubungan sosialisasi dengan masyarakat sekitar sebelum dan sesudah Bapak/Ibu pindah agama? tolong Bapak/Ibu menguraikannya kepada Saya!
15. Sejauh yang Bapak/Ibu tau bagaimana tanggapan orang lain terutama dari masyarakat tentang pribadi Bapak/Ibu sebelum dan sesudah Bapak/Ibu pindah agama?
16. Menurut bapak/Ibu bagaimana pandangan Bapak/Ibu tetang Adat, etika, peraturan, budaya keagaman pada keluarga dan masyarakat Anda? Sejauh mana bapak/Ibu mengikuti Adat tersebut?
17. Dari pihak keluarga sendiri, menurut Bapak/ibu bagaimana peran mereka dalam menanggapi perpindahan agama yang Bapak/Ibu lakukan?
18. Selain dengan anggota keluarga Bapak/Ibu, kira-kira dengan siapa sajakah Bapak/Ibu paling sering bergaul?

19. Setelah Bapak/Ibu pindah agama, harapan atau keinginan apa sajakah yang mungkin ingin Bapak/Ibu wujudkan kedepannya?
20. Lalu apakah Bapak/Ibu pernah mengungkapkan atau bercerita tentang harapan atau keinginan Bapak/Ibu itu kepada orang lain?
21. Selama ini bagaimana usaha yang mungkin sudah Bapak/Ibu lakukan dalam mewujudkan keinginan Bapak/Ibu itu?

B. Pedoman Wawancara kepada Informan.

1. Apakah Bapak/Ibu mengetahui jika Subyek pernah pindah agama, bagaimana caranya cara ibu bisa mengetahui jika Subyek pernah pindah agama? tolong jelaskan kepada saya!
2. Bisakah Bapak/Ibu menceritakan kepada saya kira-kira bagaimana Subyek bisa melakukan pindah agama?
3. Menurut pandangan Bapak/Ibu bagaimana pandangan Bapak atau ibu tentang diri Subyek selama ini, sebelum dan sesudah pindah agama?
4. Bagaimana menurut Bapak/Ibu hubungan sosialisasi Subyek dengan masyarakat sekitar?
5. Setelah Subyek berpindah agama apakah Bapak/Ibu merasa ada pengaruhnya terhadap diri Bapak/Ibu ? Coba ibu ceritakan kepada Saya!
6. Apakah selama ini Bapak/Ibu pernah mendengarkan keluhan atau curahan hati subyek kepada Bapak/Ibu? Terangkan kepada saya!

## **GUIDE OBSERVASI**

Hal-hal yang peneliti observe adalah:

1. Lokasi dan lingkungan Subyek
2. Identitas Subyek.
3. Kondisi subyek
4. Latar belakang keluarga.

## Lampiran 2

### TRANSKRIP WAWANCARA

#### A. Subjek RR

Peneliti: *Ngeten Buk niki wau niatipun Kulo teng mriki ikang pertama inggih puniko silaturahmi, kapingkalhipun kulo bade nyusun skripsi tetang pindah agama, kulo rencangipun Mbik Devi, Kulo betah informasi sakeng panjenengan bade Kulo tulis teng skripsi.*

Subjek: *Enggeh,... pindah agama itu kan ndak bisa dipaksa to mas, Kulo maune nggeh bertentangan, maune Kulo wegah di rabi Bapak e. Kulo maune mboten puron Mas, ndak bisa dipaksa, Kulo sembahyang tasek setaunan lo Mas, padahal teng mriki pon taun 90 an.*

Peneliti: *Awal mulane niku pas panjenengan bade nikah nggeh?*

Subjek: *nggeh.*

Peneliti: *la riyen panjenengan asline pundi buk?.*

Subjek : *Jawa Tengah, Blora.*

Peneliti: *Woalah la nggeh tuebih to Buk ....*

Subyek: *Kulo sekolahe SMP ne Kristen. Pak de kulo Kristen, Kulo tumot Pak de Kristen, tahun 84 kulo tumot Gerejo teng Pentakosta teng Suroboyo Kulokan saket tumor kandungan ditambahi nek kono. tapi sakniki pon mantun, kulo pisah kaleh bapak e teng Jakarta terus pindah niku teng Gerejo Suroboyo.*

Peneliti: *Panjenengan kenal kaleh Bapak e teng pundi? Teng sekolahan nopo pripun?*

Subjek: *Mboten, yo neng Suroboyo kono Mas. Anak kulo pun digowo di openi karo Bapak e kui, teng mriki sakdurunge.*

Suami Subjek: *Sak durunge bojoku ninggal ngerti ibuk e kui pisah karo bojo ne ko Jakarta nduwe Anak sitok aku nduwe roso welas. Dtitipne mbok karuan tak pek e ae. Berhubung anak e wes kadung tak openi y owes ayo diromati bareng-bareng ae. La Anakku dewe yo karo dene yo ra tau muleh bodo sekolah adoh. Sitoke e anak ku di rabi angkatan militer nek Medan kono. Critane ngunu kui.*

Peneliti: *Nuwon sewu istrine panjenengan ingkang rумыen niku ninggale pripun?*

Suami Subjek: *yo loro jantung, sprapat jam ninggale. Loro jantung.*

Peneliti: *La Mbik Devi niki yugane panjenengan?*

Subjek: *Nggeh nduwe Anak Devi tahun 93. Aku kelairan 55 umur ku kiro-kiro 40 an pas kui*

Suami Subjek: *La lek nek kene pomo rabi Kristen kan yo ngijeni pye nek kene Islam akeh yo. Lek ndek Jakarta kono kebanyakan kan yo Kristen.*

Subjek: *Penak Islam lo dek lek pomo masuk seng penteng moco syahadat masio ra salat. Lek masuk Kristen golek baptisane yo angel. Kudu masuk*

*Kristen disek, harus mendalam lagek iso dibabtis. Urong iso langsung di baptis secara langsung sebelum mendalam masuk Kristen.*

Peneliti: *Yugane pajenengan seng kaleh niku sakniki Islam nopo pripun?*

Subjek: *Malah dadi Kristen lo dek niku ten Medan kono, la dirabi angkatan kono to. Anak e bapak niku sakniki maleh Kristen.*

Peneliti: *Kaleh-kaleh ipun seng teng Brunei barang niku?*

Subjek: *Lek seng teng Brunei niku Anak lanang kusyuk, seng teng Medan niku maune getting karo Aku la sak niki ibarate koyo kenek omongane dewe maleh dadi Kristen.*

Suami Subjek: *Coro dirabi angakasn harus masuk Kristen, seng lanang nggianteng, gek sugeh pisan yo wes maleh ngunu kui gelem dirabi wong Kristen.*

Peneliti: *Ngoten niku caranipun proses panjenengan pindah agama saget crito nopo mboten buk?*

Subjek: *Yo rabi niku, mari rabi niku trus masuk Islam, ke Mesjid niku moco syahadat.*

Peneliti: *Mesjed e teng pundi?*

Subyek: *Teng masjid kalidawer meniko teng KUA.*

Suami Subjek: *Critane y owes ngunu kui mas tak rabi, kudu masuk Islam sek lek rabi.*



Subjek: *Rut itu jeneng ku Kristen mas, Ruth itu nama Kristen artinya takut sama tuhan.*

Peneliti: *Naminipun Islam panjenengan sampun gadah nopo mboten?*

Subjek: *Ndak enek, mboten gadah.*

Anak Subjek: *Wong anak e lanang ae panggah yohanness, hoo masku panggah yohanes, masku seng neng Suroboyo.*

Subjek: *Pokoknya semua agama itu sama saja dek, kalau ada orang yang masuk Islam gitu mesti seneng orang Kristen masuk Islam yo podo senenng, tapi katanya kalau keluar dari agama namanya murtad. Saya sembahyang baru ini mas, susah ngak bisa, ngaji yo belum bisa.*

Peneliti: *Panjenengan tanduranipun nopo pak?*

Suami Subjek: *Yo ngunu kui sngon ngono kui..*

Subjek: *La saman pundi mas?*

Peneliti: *Kulo sakeng plosa mas, moja Kediri meniko*

Suami Subjek: *Wes pirang semester mas?*

Peneliti: *Semester 8 pak, nggeh sami kaleh mbak devi niki*

Peneliti: *Nuwon sewu Buk, umpami panjenengan ditangkleti tiyang lintu kinten alasane panjenengan pindah agama niku pripun Buk?*

Subjek: *Pindah agama yo menikah niku, coro ra menikah ngunu aku yo gak mungkin gelem di rabi. Kalau seperti makanan ngunu lek wes terlanjur seneng yo susah mau lepas, tapi akhirnya menerima, gimana ,,Saya mikir Kristen ndak, islam ndak, akhrnya Saya terima ada prosesnya, coro ne pye yo koyo wes dipanggil aro roh kudus corone neng Kristen mas.*

Peneliti: *Enten seng tangklet buk ngoten niku byasa ne?*

Subjek: *Nggeh enten,,,*

Suami Subjek: *corone y owes kebal ngunu mas, wes kerep melu yasinan pengajian y owes byasa ae.*

Subjek: *Aku mben sore yo ngaji, yo tau aku ngaji tapi yo angel, teko jiled 5 ae wes angel mandek Aku*

Peneliti: *Yasinane niku dinten nopo Bu?*

Subjek: *Dino rebo awan*

Peneliti: *Lek teng mriki mayoritas teng mriki agamane nopo Buk?*

Suami Subjek: *Nek kene yo Islam kabeh,, jaman PKI ket biyen y wes Islam.*

Subjek: *Pokok nya yo agama itu kalau dijalani yo sama saja, masio Kristen kalau dijalani ya bagus. Masio Islam lek nek KTP ae yo podo koyo nek Kristen yo enek Kristen KTP. Kon salat niku angel lek ra tau dijalani.*

Peneliti: *Ngakune Islam tapi dos pundi teng wingkeng ,hee*

Subjek: *Halah yo wes podo ae mas. byen Kristen aku jek loro nek Suroboyo terus mari. Diobati, jane aku byen rabi wes ra mikir, umur 60 wes di openi gerejo, di cukupi kabeh sembarangane. Wes ditanggung. Kontrakane wes kontrakne. Wes ra mikir lah. Seng penteng wes rajin sembahyang. Ya gak taulah akhirnya kog Islam. Koyone wes enek mencari roh kudus.*

Peneliti: *Lek teng Islam namine wirid , nek e pun sepuh naming mendekatkan diri kepada Allah*

Subjek: *Tapi lek islam kan lain carane, lek wong jowo lek ngarani kan semedi.*

Peneliti: *Terus pertama kali waktu penjenangan masuk Islam pendapatane panjenengan dus pundi Buk?*

Subjek: *Pripun nggeh,, Yo rasane niku kudu teng Gerejo mawon, nduwe rasa seneng niku dereng gadah, tasek jek tas niki lo dereng dangu,, nggeh woten proses pertamane jek enek seng ganjl rasane neng ati.*

Peneliti: *Lek umpami ryen niku panjenengan mboten tamtu masuk Islam ngoten dospundi Buk?*

Subjek: *Nek mboten rabi gak mungkin saya masuk Islam. Saya masuk Gereja Saya sudah lama og, sudah mendalam lah, jadi susah ape pindah.*

Peneliti: *Sak niki selain sakeng bapak e ngertos Islam ngoten sakeng pundi Buk?*

Subjek: *Nggeh teng mesjed mas, niku teng TPA, tapi Aku langsung di bimbing Pak yai neng omahe ora neng mesjed i, di warai salat, asline yo enek*

*kemauan ku dewe renek seng mekso, malah lek di pekso ra mungkin kalau gk ada panggilan gk mungkin, coro neng Kristen wes panggilan allah.*

*Peneliti: Kinten-kinten sinten mawong bu engkang menolak kslah mendukung panjenengan masuk Islam?*

*Subjek: Lek daerah mriki yo mendukung kulo, tapi kalo teng Suroboyo niko nggeh akeh seng nangis, kenapa kamu masuk Islam dan lain sebagainya. Coro neng Islam ki byen pas Kristen aku wes wani mimpin wong okeh ngunu, koncoku yo apik-apik kabeh rajin neng Gerejo. Lek keluarga ku dewe yo akeh seng demen soale kan yo enek seng Islam keluargaku*

*Suami Subjek: lek kui anak ku seng Kristen karo seng lanang malah disalahne karo seng wedok, wong sakturune kyai og e,, kabeh keturunan ku kan yo enek seng kyayai, aku dewe yo okeh kenalan nek pondok pesantren nek mayan biyen ki.*

*Subjek: Masuk Islam ki penak lo dek, lek Kristen ki uangel lo, mbabtis kan lek urung mendalam uangel lo, kudune kan mendalam sek, bener-bener seneng Kristen disek baru bisa di babtis. Lek wong Islam kan aku biyen dipekso kudu iso moco syahadat ngunu mek an*

*Subjek: pindah agama itu lain lain lo,, akeh critane ora mek rabi ae, akeh seng masuk Islam malah dadi kyai, neng Kristen yo ngunu enek pimpinan wong Islam bakar grejo bare kwalat akhire masuk Kristen sak keluargane.*

Peneliti: *perubahane setelah panjenengan pindah agama ngoten duspundi bu?*

Subjek: *Halah yo sami mawon ,, y owes byasa ae,, wayah e bakol yo bakol gak po-po.*

Peneliti: *Umpami caranenipun berpakaian wonten perbedaan nopo mboten Buk?*

Subjek: *Nggeh enten,, nek Islam kan kudu wudhu disek tas tangi turu, tapi lek Kristen ndak harus, nek Kristen tangi turu yang dipikir langsung tuhan bukan yang lain*

Suami Subyek: *Yo wes corone yo wes melok-melok kyo byasane ae mas, nek wayah e bakol yo byasa, nek yasinan yo kudungan koyo lyane*

Peneliti: *Harapanipun setelah panjenengan pindah agama priipun Bu sakniki?*

Subjek: *Pengene nggeh koyo wong islani ngono kae, pengene yo seng apek, yo pengen nglakone tuntunane syariah, nek e munggah haji koyo ngimpi, seng penteng syareat ae. Yo bisa mencari nafkah.*

Wawancara kepada informan dari Subjek RR

Peneliti: *Saman byen ngerti Ibuk e saman pindah agama kapan Mbak?*

Informan: *Yo kapan yo,, Aku ngerti ku yo sekitar aku MTs lek gak salah, kan pas wes benh lek jek SD aku kn rong paham to, pas kui aku ngerti enek sak karung isie buku-buku tetang Kristen ngunu.*

Peneliti: *Tapi tau dicritani po gk?*

Informan: *Yo tau dicritani pernah, yo ibu kan masuk Islam kan pertamane bukan keinginan sendiri to, kadang-kadang yo tau ngrasani wong islam barang, senengane ndelok acara nek RCTI kui lo, senengane bendo ndelok kui. Tapi malah bapak ku ra seneng ndelok kui. Malah seng dicritani nang mae saman kae solok e aku ra eroh luweh detail rumasaku.*

Peneliti: *Pertama kali reaksine saman pye?*

Informan: *Byasa ae, ndaak po-po. Yo ra enek roso penasar nopo-opo, soale kan keluargaku yo enek seng Kristen dadine wes byasa*

Peneliti: *Sopo Mbak keluargane saman seng Kristen?*

Informan: *Yo kyo mbak kui, karo bude ku, mbak ayu n ibuk ku enek seng Kristen dari 12 bersaudara seng Kristen mek budeku tok. Uripe neng Jogja.*

Peneliti: *Lek saman menilai ibuk e saman dewe pye mbk?*

Informan: *Yo ibuk I kadang wonge asline ki kalem, maksute lek karo wong liyo ki mwesti gampang kalahan, tapi lek karo anak e dewe yo teges. Tapi rumasaku ki ibuku ki karo wong ki apik an paham, tapi lek karo anak yo emang rodok teges.*

Peneliti: *Lek hubungane karo tonggo-tonggo ngunui pye mbk?*

Informan: *Pye yo,, tonggo-tonggo ki yo islame islam byasa ae gak enek seng fanatik kyo ngono-ngono kae, yo seng merasa kehiangan ibuk mek konco-konco ne seng nek Suroboyo kono.*

Peneliti: *Lek keluargane pye?*

Informan: *Yo malah gak po-po lek kuargane soale seng ndek jawa tengah blora kono enek seng Islam barang*

Peneliti: *Lek coro masalah adat norma masyarakat ngunu Ibuk e saman lek mengikuti pye mbk?*

Informan: *Yo sarah no ibuk ku wes sui urep nek Tulungagung yomanut corone wong Tulungagung kabeh, tapi kadang-kadang yo jek nggowo adat e wong Jawa Tengah barang og e, kadang-kadang pas riyoyo gawe lepet pas bodo kupat. Nek kene renek seng gawe lepet.*

Peneliti: *Menurut e saman enek pengaruh nggak dengan pindahnya ibuke saman masuk Islam?*

Informan: *Yo pengaruh e ki, mek kadang-kadang aku ki yo ra parek Islam nemen-nemen yo agomo ki kurang ngunu rumasaku. Lek hubungane ambek keluarga yo apik-apik ae seng getting I mek mbak ku rabi karo wong Kristen kui. Pertama ne geting bianget. Tapi akhir e wes rabi podo oleh kristenne. Maka dari itu maleh gelem menghormati ibuk ku*

Peneliti: *La saman dewe tau dicurhati opo nggak mbk?*

Informan: *Opo yo,, yo curhat pas jaman sek kerjo byen, pas jek ndek Suroboyo kae, keinginane y owes ra nduwe keinginan seng aneh-aneh. Wes tuek og e. seng penteng iso mangan.*

## B. Subjek SI

Peneliti: *Pripun buk kronologine Saman pindah agama?*

Subjek: *Yo rabi kan mbojo Islam maleh aku ngaleh neng Islam*

Peneliti: *Taun pinten bu kinten-kinten?*

Subjek : *Taun 2001 koyone wes sui og*

Peneliti: *Panjenengan asline Islam?*

Subjek: *Gak aku asline neng gereje, sek cilik byen aku nek gerejo sekolahe neng katolik kono. La rabi oleh bojo wong cino, akhire melu bojoku dewe neng klentheng mlebu budha. Terus bojoku kecelakaan akhire aku rabi neh 3 tahun sak wise kui oleh jowo wong Islam*

Peneleliti: *Niku proses e pindah agama niku lek ngurus pripun?*

Subjek: *Yo sak durunge rabi kui ngge syarate kon mlebu Islam disek lagek oleh rabi, yo enek ijazah e .*

Peneliti: *La seng rabi kaleh Chino niku proses e pripun?*

Subjek: *Yo byen aku rabine neng catatan sipil you mum nasional gak enek baiat-baitan seng rabi di tulis nek catatn sipil.*

Subjek: *Ngunukui lek di critakne memang berbelit-belit berkepanjangan terlalu ribet, ku dewe yo bingung, pokok seng penteng melok bojo ngunu ae. Memang e aku byen keluargaku cino jowo dadi sitok. Sekolah ku nek*



*katolik SD kudu ketolik semua ndek SD katolik. Lek saiki umum masuk SD katolik umum.lek dicritakne ngolh-ngaleh aku dewe yo bingung lek crito. Pokok melok bojo.*

*Peneliti: La saman asline wong Blitar Mbak yo? Pendetang yo,,,*

*Subjek: Iyo kabeh wong kene akeh seng pendatang.*

*Peneliti: Tapi umpami dilihat dari perasaane saman niku ada perasaan senang apa ada rasa suka sesudahnya?*

*Subjek: Koyone kui anu proses, nggak bisa langsung. Aku byen gak nduwe roso krentek masuk Islam karena gak ada yang bimbing gak iso, akhire tau pengen mbalek nenh neng Kristen, soale wes iso neng gerejo ket cilik byen wes pernah. La lek saiki moco arab ora iso, salat ora iso dadine yo bingung.*

*Peneliti: Umpami ada tetangga yang bertanya ngunu duspundi?*

*Subjek: Lek sejauh itu yo keronu aku rabi karo wong Islam kui maeng.*

*Peneliti: Emang siapa Bu seng tangklet?*

*Subjek: Yo wong-wong kui, byen wong-wong ki gak ngerti lek aku Islam ki, lek enek yasinan aku yo melok-melok, lek bodo ryoyo aku yo melok ngunu*

*Peneliti: Menurute panjenengan pendapatate tentang agama Budha kaleh Kristen niku nopo Bu?*

Subjek: *Sak jane seng bedo mek tata caren, lek menurut ku podo ae mek tata carane ibadah ae seng ra podo, rasaku barang yo podo ae, puji tuhan, ibadahe kui seng ra podo cuman rasane yo podo ae, wong awak e dewe kan yo podo ae nyembah tuhan kabeh.*

Peneliti: *Tapi upaya untuk mempelajari agama yang bari itu pernah ada apa tidak bu?*

Subjek: *Yo enek, kadang aku yo blajar dewe moco arab ngunu, yo kabeh ki ra secepa itu, butuh prses, saat ini perasaan ku ki jek proses kui maeng lo gak iso langsung tek tek tek ngono lo, jek proses gak iso terlalu cepet.*

Peneliti: *Dari pihak luar apakah ayang menentang dan setuju?*

Subjek: *Yo lek mencibir ki yo enek, yo corone mencibir, nglokne jawane yo ngenyek ngunu. ngelokne*

Peneliti: *Kalau dari pihak keluarga sendiri priipun Buk?*

Subjek: *Keluarga saiki akeh seng Islam seng Kristen wes akeh seng mati og*

Peneliti: *berati dari tetangga seng mencibir?*

Subjek: *Tetangga ki menentang e yo Aku pindah-pindah agama kui, pomo ket awal ngerti aku Kristen yo ndak wes umum, la aku kan koyo pindah-pindah agama kui paleng mencibir I korno kui*

Peneliti: *Setelah panjenengan pindah agama ada perubahannya ndak bu?*

Subjek: *Dak ada, soale opo suami ku islam tapi KTP. Kejawe, teros terang ae  
Aku masuk Islam I mek melok melokbojo. Bojo ra tau ngajari aku, la aku  
lek ra di ajari po iso. Byen kan bojoku ra kerjo to dadi ne pikiran  
utamaku yo mek ngedekne anak.*

Peneliti: *Kalau dari segi penampilan priapun bu?*

Subjek: *Byasa, yo saat-saat tertentu ndelok-ndelok situasi, lek melu yasinan yo  
gawe kudung.ndelok situasi dan kondisi*

Peneliti: *Bagaimana cara Anda grapyak kaleh masytrakat menjalin hubungan  
dengan masyarakay?*

Subjek: *Yo byasa ae, podo ae. Nek ndi-di ggone yo enek jane seng ra patek  
seneng tapir a tau muni.*

Peneliti: *Panjenengan paleng sering bergaul kaleh sinten mawon?*

Subjek: *Yo paleng nek mah ae,,*

Peneliti: *Harapane setelah panjengan pindah agam nopo bu?*

Subjek: *Harapen mudah-mudahan sak ini wes kadung Islam mugo-mugo dadi  
wanita yang muslimah yang baik, bener-bener bisa menjalankan  
perintah agama bisa sholat beribadah.*

Peneliti: *Usahane nopo mawon bu blajar niku?*

Informan: *Yo melu-melu shalat ngunu, tapi isin karepku dewe, aku merasa koyo  
wong mendo, ra iso opo-opo mek melu-melu ae*

Peneliti: *Tapi panjenengan nate crito harapanane nopomboten?*

Wawancara kepada Informan dari Subjek SI

Peneliti: *Saman disek isone kenal terus ngerti mbk susan pindah agama ki ye mbk?*

Informan: *Yo wes suwi ket kae jaman taun piro kae bar dek e pindah ko Sobontoro, terus pindah rene wes enek 5 taunan koyok e. la MbK susan kana sale Kristen teru rabi oelh cino melu neng klenteng budha ngunu kui la bak e bojo ninggal tabrakan nek tuban meninggal akhir e 3 taun engkas rabi oleh jowo tapi bare yo pegatan neh. Yo melu-melu bojone ngunu kui o bojo ne Kristen melu Kristen, bojone islam melu islam aterah wong meboh og e , hhhh*

Peneliti: *MbK Susan ki koncone saman to?*

Informan: *Yo konco plek ngunu kui, arisan senam yo ambek mbk Susan kui.*

Peneliti: *Terus menurut saman mbak susan ki wonge pye mbk?*

Informan: *Yo menurutku ki kehidupane mesakne o ancene, byen oleh bojo saying terus gati mbek dek e dadakan mati, la basan rabi oleh jowo yo ra tek gati, ngunu kui akhire dek e pegatan. Tapi wonge simple og e menurut ku. Gak fanatic. Nasional ngunukui lo gayane ki.urep e yo santai banget koyo r enek beban seng abot.*

Peneliti: *Lalek masalah hubungan sosial karo tonggo sekitar ngunu pye mbk?*

Informan: *Yo wes biyasa ra pye-pye. Ancenne dek e kan suantai to. Paleng lek enek tonggone seng ngenyek dek e isi mikir seng tenang ura gampang kepanceng. Wong kene kan karo dene yo nasional kabeh og rumasaku. Wong mbk susan ki yo amor tonggo biyasane ngunukui arisa, senam, jaet, ngirim-ngirim jahitan ngunu kui ko konveksi.*

Peneliti: *Enek pengaruh gak mbak nang tonggo sekitar utowo nang mae saman pindah agama seng dilakoi mbk susan?*

Informan: *Opo yo, yo ra patek enek seng ketoro. Yo wes byasa-byasa tidak begitu dipermasalahkan lek kui.ora enek seng aneh. Keluargane y owes apik-apik kabeh og. Aku lo yo byasa dulan runu anak e barang y owes akbrab kambek aku.*

Peneliti: *La ngunukui lek pas kumpul-kumpul ngunu seng diomong ne opo ae to mbk?*

Informan: *Yo wes ngomongne reno-renu. Ngomongne dagangan, anak, bojo, arisa, dll karo wong-wong ngunui dopok kadang yo renek entek e barang og e.*

### C. Subjek MR

Peneliti: *Penjenengan leres nate pindah agama buk?*

Subjek: *Aku byen sak urunge nikah sek Islam, cumak setelah nikah aku maleh Kristen, Nasrani.*

Peneliti: *Taun pinten buk niku?*

Subjek; *Yo taun 83 to mas, nikah karo pak Sumeh taon 83 Aku.*

Peneliti: *panjenengan pas suami ne panjenengan nasrani ngajak saman masuk islam pripun buk?*

Subjek: *Wohhh proses e? awal mula?,,, yo jujur ae yo mas, iki ra ngapusi, iki jujur Aku yo pernah byen pas cilik ngaji Islam aku ki Pernah, cumak bolong-bolong, ndak rutin. Yo karena keluarga gak ada seng aktif ra enek seng ndorong, ra enek seng ndukung. Ya pertama kali nikah sama pak Sumeh langsung Nasrani sejak dulu sejak kecil tapi ndak diperlihatkan neng keluarga, hanya dipegang dewe. Jadi sejak awal pertama pak sumeh yang memperkenalkan. Terus akhire sebagai pihak istri kan yo mengikuti, korno bolong-bolong kui mau, lingkungan gak ada yang dukung,, yowes lah akhire yo mau.*

Peneliti: *La pertama kali panjenengan bertemu pak sumeh nasrani, pripun buk response sakeng keluarga?*

Subjek: *Tanggapan keluarga yo memang e ada yang positif yo enek seng negative,, yo itu kembai ke hak pribadi masing-masing, jadi setuju ndak setuju ya kita sendiri ya menjalani. Terus suatu hari beberapa taun kemudian keluargaku ikut Nasrani sampek saiki almarhum.*

Peneliti: *berarti seumpama panjenenagn ditangkleti tiang ngoten kenopo pindah Nasrani, tumut suami nggeh buk?*

Subjek: *yo ndak tumut suami ngunu mas,, yo panggilan hati to mas, panggilan jiwa to, opo iso aku muni tumut suami. Masio didorong o koyo opo yo mas masio etine saman seng njero nggrundel pye ? opo iso.. nolak kan? Akhire tolak belakang. Yo secara agama aku dewe pribadi yo mas ngarani wes panggilan tuhan.*

Peneliti: *Terus setelah panjenengan tamtu masuk Nasrani ngoten menemukan perbedaan nopo Buk?*

Subjek: *Pye yo mas lek nggambarne aku dewe kok yo angel, pye yo,, byen kae yo ngono kae, saiki ki koyok e menemukan jalannya sendiri, yo maleh iso ati tentrem ndak gampang tersinggung, iso mengendalikan dere, iso menguasai awak e dewe, jenenge manuisa kan emosi yow ajar, pengen berbuat ini berbuat itu, amet yo mas, koyo pak sumeh kan penggaean kan keluar kota, yo puji tuhan ae mas aku gak duwe pikiran keinginan berbuat seng aneh-aneh selama ditinggal pak Sumeh keluar kota. Yo lek dayoh sek rap o pomo aku nginep ne neng omah. Dadi merasakan kedamaian.*

Peneliti: *Secara keagamaan panjenengan menilai Islam kalian Kristen panjenengan menilai priipun Buk?*

Subjek: *lek aku dewe ngarani tergantung neng imane dewe, masio Islam lek imane kuat, yo baik-baik ae, seng penteng kan imane masing-masing.*

Peneliti: *panjenengan belajar Nasrani, adaptasi, ngoten seng nuntun sinten Buk?*

Subjek: *pertama kali ikut gereja pentakosta pusat nek kota, kaleh pak Jem, uduk pak sam, terus sak niki dibuka cabang pentakosta ndek desa terus kaleh pak sam niku sakniki mas. tapi anti sebulan sekali juga ke gereja pusat sampek penuh ngunu mas. taun 90 an aku mulai melok pak sam nek penta kosta cabang kunu wi.*

Peneliti: *Kalau seandainya ryen niku panjenengan mboten tamtu masuk nasrani ngoten duspundi buk?*

Subjek: *Waduhhh la kui,, ra iso njawab aku bingung, hhhhh.. Yo kui mau lo mas, pertama dari keluarga seng dukung ra enek, byen kan aku ra nek kene, nek jepun. Saiki melok suami sejak kecil Nasrani y owes di ajarai pak sumeh.*

Peneliti: *Terus yang paleng mendukung dan yang paleng tidak mendukung panjenengan masuk Nasrani sinten mawon buk?*

Subjek: *Yang tidak mendukung ki kog yo ra patek enek, lek dari pihak keluarga ku kabeh ndukung mas, mergane kan hak nya masing-masing. Keinginan diri sendiri. Ndak boleh di tarik atau di dorong. Haknya pribadi intinya.*

Peneliti: *Keluargane panjenengan wau tumut masuk nasrai seketika langsung?*

Subjek: *Langsung,, lek wong tuaku langsung bareng karo mbak yuku seng mbarep.*

Peneliti: *panjenengan tunggale pinte buk?*



Subjek: *4, seng mbarep karo ragil nek umah aku karo mbk yuku, seng loro neng Kalimantan karo banyuwangi*

Peneliti: *niku mbak yune panjenengan engkang kaleh niku nggeh nasrani?*

Subjek: *Endak lek seng banyuwangi kan imane kuat mas, lingkungan mendukung, saman ngerti dewe kan daerah Banyuwangi ki,,lek seng Kalimantan yo basa ae tpi Islam. Kabeh yo gak enek seng saling menjatuhkan, semuanya saling menghargai.*

Peneliti: *panjenengan kaleh kehidupanipun panjenengan beryukur Buk?*

Subjek: *bersyukur mas,, yo maksute paribasane mangan kari uyah yo panggah di panggah, nanti lek wes enek berkat yo lain critane, dadi yo mensyukuri apa adanya. Dikasih lebih ya puji tuhan, dikasih kurang ya puji tuhan.*

Peneliti: *Perubahanipun setelah panjenengan pindah agama niku ingkang panjenengan rasaaken niku nopo?*

Subjek: *Ya memang awal e yo ada pihak seng ngelek-ngelek, tapi yo di fikir enjoy ae mas, yo enek seng endak barang mas, difikir santai ae. Yo besok kan gak mungkin anak-anak melok tonggo, yo panggah pendirian sendiri to mas. y owes lek sosialisasi ki yo panggah koyo wong-wong ngunu. Kadang-kadang aku dewe y guyon, lek enek seng tekok ap nang ndi? Ape tanggapan... to ngunu tapi ki wes akeh seng paham lek hari minggu ki ape nang ndi wes paham. Guyon kan nomer siji lek ngge ngrapyak*

Peneliti: *Masalah penampilan ngoten ada perbedaan mboten buk?*

Subjek: *yo gak sih mas podo ae, lek orang lain menilai yo santai-santai ae,, yo amet yo mas mek sitok seng ratak senengi mas, LDII. Tonggoku kabeh kulon ku kui kan lddi mas, aku kan yo wong terpencil to mas. satu seng ra tak senengi. Ra di anggep lek aku ape takziah, disalami ae ra gelem, mlengos. Sempat aku nesu-nesu.... Lek gak salah taun 2001. Loh beda ne opo lo ya. Pak yaimu lo nyekeli aku lo byasa kok kalah lo karo yaimu. Loh iki jujur, sampek sekarang lek enek kematian aku wes ra tau takziah sampek saiki. Kan yo ketok mlorok peh ra gae kudung... lek ancene ra siap gae kudung yo rasah kudungan disik. Seng dikudungi ki atine uduk sirah. Tapi kenek opo peh aku terpencil aku di konokne. Kui aku seng brontak mas.*

Peneliti: *Kelompok e panjenengan ingkang panjenengan tumut I nopo mas?*

Subjek: *Aku mek melu arisan neng kulon kono kui lo mas. lek ben minggu nng gerejo. Yo pokok e lek gak pas halangan mest hader.*

Peneliti: *sakniki harapane panjenengan nopo bk ingkang panjenengan ingini.?*

Subjek: *yo damai, tentrem, berjalan lancar, jenenge kepinginan..*

Peneliti: *pon nte crito buk kaleh tiang lintu..*

Subjek: *yo ra tau to mas,,, yo pokok e hati diri sendiri.*

Peneliti: *niki nggeh sampun ngeten mawon. Kulo matur nuwon. Mengke lek wonten maleh kulo tak mriki maleh.*

Subjek: *Enggeh mas, sami-sami....*

Wawancara kepada Informan dari Subyek MR

Peneliti: *Panjenengan dulu kenal Bu Mariah pon dangu pak?*

Informan: *ya baru taun 29 taun, awal mulanya kan bu Mariah masuk kesini, dari gereja pentakosta pusat di tulungagung, disini kan cabang. Disini an sudah otonom dari sana kesini*

Peneliti: *Panjenengan nggeh ngertos bu Mariah pernah agama Islam.*

Informan: *ya secara garis besar ngerti lah, bu Mariah itu kan dulu Islamnya bukan Islam yang kusyuk. Islam cumak sebagai aliran kepercayaan saja.*

Peneliti: *masuk nasrani ngoten niku proses e ingkang dipun jalani nopo?*

Informan: *itu cuman mereka cuman datang sekeluarga itu dulu keluarganya bu Mariah kepercayaan Islam bapak ibunya itu, terus ikut sumai masuk sini begitu kurang lebihnya. Saya tanggung jawab akhirnya.*

Peneliti: *menurut pendapatate panjenengan menilai sosok bu Mariah niku orang yang sperti apa pak?*

Informan: *ya bu Mariah itu orang nya baik, dia aktif sendiri. Tapi kurang khusyuk bu Mariah itu. Tapi dia aktif gitu. Keluarganya itu keluarga yang royal,. Bu Mariah juga suka dia memberi sumbangan. Suka memberi donasi ke gereja. Suaminya juga gitu. Kalo ada pembangunan tempat ibadah suami bu Mariah itu termasuk royal. Kalo dari segi sosialisasi keluarga*

*bu Mariah itu termasuk keluarga yang disegani. Keluarganya baik kalo  
saya menilai itu.*

Lampiran 3

DOKUMENTASI KEGIATAN PENELITIAN



Saat wawancara dengan Subjek RR. Nampak juga didampingi oleh suami



Saat wawancara dengan Subjek SI



Gambar ijazah/surat pernyataan Subjek SI memeluk agama Islam



Saat wawancara dengan Subjek MR



Wawancara kepada Subjek MR berlangsung.

Lampiran 4

SURAT PERNYATAA KEASLIAN TULISAN

Yang bertanda tangan di bawah ini:

Nama : Bagus Rohmad Sururi

Tempat, Tanggal Lahir : Kediri, 13 Desember 1992

Jenis Kelamin : Laki-Laki

Alamat : Desa Ploso RT/RW 01/04 Dsn. Kebanan Kecamatan  
Mojo Kabupaten Kediri

Fakultas/Jurusan : Ushuluddin, Adab, dan Dakwah/Tasawuf dan Psikoterapi

Nim : 3233113005

Dosen Pembimbing : Dr. Mohamad Jazeri, M.Pd

Dengan ini menyatakan dengan sebenarnya bahwa skripsi yang Saya tulis ini benar-benar merupakan hasil karya Saya sendiri, bukan merupakan pengambil alihan karya tulis orang lain yang Saya akui sebagai hasil tulisan Saya.

Apabila dikemudian hari terbukti atau dapat dibuktikan skripsi ini hasil jiplakan, maka Saya bersedia menerima sanksi atas perbuatan tersebut berdasarkan surat keputusan Rektor IAIN Tulungagung.

Tulungagung, 17 Juni 2015

Yang membuat pernyataan

Bagus rohmad sururi



## Lampiran 5

### BIODATA PENULIS

Nama : Bagus Rohmad Sururi  
Tempat, Tanggal Lahir : Kediri 13 Desember 1992  
Jenis Kelamin : Laki-Laki  
Alamat : Desa Ploso Dusun Kebanan RT 01 RW 04 Kec. Mojo  
Kabupaten Kediri  
Fakultas/Jurusan : Ushuluddin, Adab dan Dakwah/Tasawuf dan Psikoterapi  
Nim : 3233113005

#### Riwayat Pendidikan

1. MI Riyadlotul Uqul Ploso Mojo Kediri Lulus Tahun 2005
2. MTs Sunan Kalijogo Kranding Mojo Kediri Lulus Tahun 2008
3. MA Sunan Kalijogo Kranding Mojo Kediri Lulus Tahun 2011
4. IAIN Tulungagung Lulus Tahun 2015

#### Pengalaman Organisasi

1. Anggota Devisi Sosial Kemasyarakatan Forum Mahasiswa Bidikmisi 2012-2013
2. Sekretaris umum II Forum Mahasiswa Bidikmisi 2013-2014
3. Anggota penyiar Radio Kampus IAIN Tulungagung 2012-2014

Lampiran 6

KARTU BIMBINGAN SKRIPSI

**SURAT LAPORAN SELESAI BIMBINGAN SKRIPSI**